

ZILE NOU ak Michel-Ange Hyppolite, yon plezi estetik oswa yon doulè ekzistansyèl ?

ZILE NOU tradwi an anglè ak an fransè. Èske se paske anpil moun konsidere ayisyen an (lang kreyòl pa nou an donk) tankou yon lang minè ki bezwen ke 2 lang ewopeyen majè kore li, yon fason pou ba liv la plis valè ? Ousnon se pou *ZILE NOU* kap touche plis moun nan mond la ? Gen kèk lòt konsiderasyon tou : Anpil Ayisyen ki kapab li, kapab konprann, kapab ekri ayisyen (kreyòl la) pa fòseman alèz ak fransè a. Se yo menm ki an premye ap apresye tèks an ayisyen an (tèks kreyòl la). Tout Ayisyen pale ayisyen (kreyòl), men konbyen ladan yo ki alèz ak li e sitou ekri lang nasyonal nou an ? Kategori sa a, dotanplis ke anpil pami yo konsidere ke lang ayisyen an enferyè, ap savoure tradiksyon an fransè a. Pou yon lòt pati, se sou tradiksyon anglè a ke yo a pe lage kò yo paske anpil Ayisyen nan dyaspora ki ap viv nan peyi anglofòn yo (Etazini ak Kanada prensipalman) pale ayisyen, konprann ayisyen, san yo pa fòseman kap li ayisyen oubyen ekri li, e fòk ou pa pale yo menm de afè pale ak li franse a !

Donk tradiksyon fransè ak anglè, nan 2 lang ewopeyen sa yo, 2 **lang sib sa** yo, kilès ki pi pwòch ak tèks orijinal an ayisyen an, **lang sous** la, ki rann pi byen lapawòl ak sans ke otè a eksprime nan *ZILE NOU* ? Lò ou etabli yon paralèl ak 2 tradiksyon nan lang sib fransè epi anglè yo, ou kapab di ke vèsyon anglè a se yon vèsyon literal, paske li mo pou mo, pi pwòch tèks ayisyen an e ki pa denatire sans premye a. Men, poze nou keksyon : Vrèman, lang sib anglè a pa denatire sans lang sous an ayisyen an ? An reyalyte, pèsònèlman mwen pa konnen sifizamman anglè pou mwen ta kapab di ak sètitud ke, pou yon lokitè eksklizif an anglè, sètadi ki pa pale ni fransè ni ayisyen, tradiksyon anglè ke li ap li a fè sans pou li. Nou tout konnen ke lò ou ap aprann yon lang etranjè, yo toujou mande aprenan an pou li pa fè tradiksyon mo pou mo. Pwofesè yo toujou mande yon tradiksyon idyomatik. Sa sa vle di ? Fòk aprenan an (dizon yon aprenan ayisyenofòn/kreyolofòn) rive pwodwi yon tèks tèlman kredib ke li bay enpresyon ke tèks li a te redije nan lang sib la menm !

Èske vèsyon nan lòt lang darive a, lòt lang sib la, nan fransè a donk, vrèman idyomatik, tankou mwen fenk di li la a ? Annou admèt ke tout 20 powèm ki konpoze *ZILE NOU* a ki tradwi an fransè, yo idyomatik. **Yo tèlman idyomatik ke sans anpil ladan yo bay la vin trè zelwanye de sans premye a.** Vèsyon an fransè yo bèl, men yo pa parèt kòm yon tradiksyon fidèl de tèks ayisyen an. Sa pa fè anyen an reyalyte, bote yo sove yo ! Pou montre diferans ant vèsyon anglè ki jeneralman mo pou mo, ak vèsyon fransè ki idyomatik, ann chwazi 2 powèm ki

pami sa ki pi kout yo, powèm nimewo 9 la (*Dèy*) ak nimewo 13 la (*Zile nou III*). Ann mete kotakot powèm orijinal an ayisyen an ak tradiksyon franse a, ak tradisyon anglè a men ke nou ap tradwi ankò an franse :

N°9 Dèy		
A°) Vèsyon orijinal	B°) Tradiksyon an franse	C°) Tradiksyon anglè tradwi an franse
<p>Matris latè koule youn bèl semans sou miluisankat kuis Solèy kase koub aladriv Lalin maldyòk Plòtonnen la vi tyovi An chatpent</p>	<p>Une terre en mal d'avortement Mille huit cent quatre cuisses sont là, sanguinolentes</p> <p>Un soleil désorienté qui ne sait plus où aller</p> <p>Une lune sans vergogne qui brade en catimini la vie de nos enfants</p>	<p>The womb of the earth is pouring : L'utérus de la terre déverse beautiful seeds : de belles semences over eighteen hundred an four thighs : sur dix-huit cent quatre cuisses The sun takes a hairpin turn abandoned : Le soleil prend un virage en épingle à cheveux abandonné The moon's evil eye : Le mauvais œil de la lune is screwing up our kid's lives : est en train de gâcher la vie de nos gosses on the sky : dans le ciel</p>
N°13 Zile nou III		
A°) Vèsyon orijinal	B°) Tradiksyon an franse	C°) Tradiksyon anglè tradwi an franse
<p>Lannuit pete eskonbrit Zetwal yo chire syèl la Je-m pantan Ayiti kase lezo men rèv nou mouri nan pasaj</p>	<p>Un cri traverse la nuit des étoiles lacèrent le ciel Je n'en crois pas mes yeux Elle fait fausse couche, Haïti ! Notre rêve avorte !</p>	<p>The night bursts out screaming : La nuit éclate en hurlant Stars are tearing up the sky : Les étoiles déchirent le ciel My yes are startled : Mes yeux ont sursauté Haiti's water is breaking : L'eau d'Haïti se rompt but our dreams are stillborn : mais nos rêves sont mort-nés</p>

Vèsyon ki nan kolòn **C** a pi pwòch de kolòn **A** a, se vèsyon mo pou mo a ; vèsyon ki nan kolòn **B** a mwens pwòch de kolòn **A** a, se vèsyon idyomatik. Jeneralman tradiksyon an fransè yo, yo lwen anpil de tèks kreyòl la, (mwens te di li pi devan an deja) tèlman lwen ke ou gen enpresyon ke se yon tèks diferan.

ZILE NOU, sètadi il Ayiti a konpoze de 2 repiblik, repiblik Ayiti ak repiblik Dominikèn. Fokis (*focus*) la fèt sou yon sèl bò zile a, liv la pa pale de lòt bò a, tankou li pa pale de pakèt lòt zile ki genyen nan Karayib la. Men, li pale de Amerik Dinò nan powèm 18 *Larivyè Rido*, 19 *Miyami* ak 20 *Flèv Senloran*, yon elajisman jewografik ki parèt nan final liv la. Powèm 5 la, *Zile Karayib*, anglobe tout Karayib la paske li pa ta posib pou site tout zile ki konpoze espas sila a. Powèm sa a se yon powèm **angloban** oubyen « **metonimik** ». E sèlman 2 powèm konpòte non **Ayiti** ladan yo : nimewo 13 *Zile nou III*, nimewo 20 *Flèv Senloran*. Men, **metonimikman** Ayiti toujou prezan lòske powèm lan fè referans avèk yon seri de kote, yon seri de reyalye ki reyèlman ekziste nan peyi a.

<i>N°)2 Lapawòl</i>	Vèvè Ogoun Feray / Titanyen
<i>N°)6 Larivyè</i>	Larivyè Grenye
<i>N°)12 Zilenou II</i>	Latibonit / Lagrandans / Mònlopital / Senjera / Lasoustijo
<i>N°)15 Fanm</i>	Madan sara
<i>N°)17 Lèt sa a se pou ou</i>	Mòn lopital

Nan ki kategori poetik nou kap mete *ZILE NOU* ? Eksepsyon fèt de poèm nimewo 17 la, *Lèt sa a se pou ou*, ke mwen kap ranje nan kategori **poèm an pwoz**, tout lòt yo ekri an **vè lib**, yo gen yon metrik, yon ritm inegal. Pi bèl ekzanp liv la genyen, se poèm nimewo 13 la ankò :

- Lannuit pete eskonbrit (7 silab)
- Zetwal yo chire syèl la (7 silab)
- Je-m pantan (3 silab)
- Ayiti kase lezo (7 silab)
- men rèv nou mouri nan pasaj (8 silab)

Pwosede literè ke Hyppolite anplwaye la a se yon sòt de estikomiti (*stichomythie*), chak vè yo gen yon sans konplè kòm si se te yon dyalòg ant 2 moun, avèk yon estrikti ritmik **an miwa** (7/7/**3**/7/8) rapid. Nan liv la, otè a itilize

tout gam figi estil ki ekziste, (asonans, aliterasyon, metafò, ipèbòl, pèsonifikasyon, alegori, metonimi, apoloji, anafò etc) tankou tablo jeneral EXCELL ak 8 itèm ke mwen prezante an anèks la montre li. Wit (8) itèm sa yo, **Tit, Lang, Tèm, Fòm, Sans, Ritm, Figi estil, Mesaj**, se asiz ki pèmèt devlopman etid kritik sa a.

Gen 4 powèm ki konstwi de fason pou ranfòse yon afimasyon, pou kreye yon efè simetrik, piske yo komanse avèk yon **anafò** ki pozisyon antèt chak estwòf, e yo ritme chak tèks yo :

N°5 *Zile Karayib* : « Nou se zile Karayib » devan 2 estwòf yo

N°6 *Larivyè* : « Larivyè » devan 3 estwòf yo

N°10 *Bòn fèt papa* : « Ou » devan 3 estwòf yo

N°12 *Zilenou II* : « Chak » devan 4 estwòf yo

Kòm tout tèks se yon mond inik (*unique*), kòm tout tèks yo gen yon **Mesaj** (ak yon M majiskil), ke tout otè devwale, ki sa Hyppolite devwale nou nan *ZILE NOU* ? Annou dakò ke tout tèks se ekspresyon yon emosyon pèsonèl, ke se woman, nouvel, pwezi, teyat, diskou, kont etc. Byen vre ke anpil nan powèm yo ekspriye emosyon pèsonèl otè a, ki pran plizyè fòm. E ki pi bèl emosyon pèsonèl pase ekspresyon lanmou pou yon moun ? Gen powèm ki make **lanmou fizik, chanèl** pou yon moun dirèkteman, tankou *Pinggi* (N°7), *Ou beni* (N°8), *Zile nou IV* (N°14), *Lèt sa a se pou ou* (N°17), ak *Flèv Senloran* (N°20).

Nan *Larivyè* (N°6), dlo sa a se yon pretèks pou otè a deklare lanmou pou yon moun kan li di « lanmou nou grandi ». Men se **lanmou pou nati a, pou lavi a tou**. Men **chan leksikal** lanmou pou nati a :

larivyè Grenye / wòch / galèt / bonèt palmis / toutrèl.

Men **chan leksikal** pou lavi a tou, lò li evoke lamizik
chanson / senfoni / tanbou ;

lò li evoke laliterati tou (womans), e ankò nosyon de fèt nan « fedatifis ».

Li sèten ke powèm sa a gen kòm preyokipasyon amoni ki dwe ekziste ant èt imen (*être humain*) avèk milye natirèl, e kiltirèl, finalman avèk lavi. Li genyen yon dimansyon nètman **ekolojik**.

Lanmou an kap pran fòm yon **admirasyon sensè**. Se sa otè a ekspriye pou papa li nan *Bòn fèt papa* (N°10) ak nan *Fanm* (N°15). Powèm sa a se petèt yon pami pi bèl tèks nan rekèy la, yon omaj sou fòm **epope** pou tout fanm an Ayiti ki rive venk tout difikilte nan lavi a.

Ekspresyon **lanmou pou peyi a** kap pran fòm yon **nostalji** ki anvayi lespri Hyppolite lò li lwen Ayiti. Nan *Zile nou II* (N°12), nostalji pou peyi a marasa ak nostalji ke powèt la genyen pou moun (ki non moun saa ?) li kite an Ayiti a. De (2) santiman sa yo, lanmou peyi a ak lanmou pou patnè li a, lè 2 makònen nan

2 premye estwòf yo ak nan mwatye estwòf 3 a. Santiman nostalgik pou Ayiti, se dezyèm mwatye a avèk katryèm e dènye estwòf ki ekspri li pi fò. Li nan *Larivyè Rido* tou (N°18), yon siplikasyon ke li adrese ba rivyè sa a ke nou sipoze o Kanada, antouka yon kote ki lwen de Ayiti, pou ke rivyè a ke otè **pèsonifye** adousi nostalji ke li resanti a :

« Larivyè souri pou mwen
Bonnanj mwen nan sèp ».

Malgre tou nostalji pou Ayiti pa anpeche Michel-Ange Hyppolite rekonèt tout **defisyans ki karakterize tè natal li a** ! Se manifestasyon yon gwo desepsyon nan *Zile nou III* (N°13) lò li afime ke

« rèv nou mouri nan pasaj ».

Nan 2 tèks **metaforik** ke mwen te kap konsidere kòm elejyak, *Bèldriv* (N°1) ak *Dèy* (N°9) se ekspresyon yon tristès kaziman **mistik** ki frape lektè a.

Nan *Miyami* (N°19), ki sa Hyppolite denonse ? Se tout mizè ke imigre (ayisyen) ap pase nan peyi etranje. Se **parabòl** ki denonse imigrasyon ilegal, plent pou moun ki neye nan travèse lanmè pou yon lavi miyò. E lò lanmè Karayib epànnye yo, yo rive Myami, yo wè ke bagay yo pa dous kòm yo te kwè li a ! **Tristès la** nou wè li nan *Dekourajman* (N°3) tou, men ak yon diferans kapital, powèm la manifeste yon envitasyon pou yon lapè inivèsel fini enpoze li sou latè, se pa sèlman an Ayiti. Kontrèman de tit powèm lan, otè a se yon ankourajman ke li ban nou pito !

Li rele sou nou pou nou rasanble. **Politik rasanbleman** an ki pou sove peyi nou an, li mande nou fè li menm si nou pa nan peyi nou « nan ekziltik » tankouè *Zile nou I* (N°11) lan di li. Se yon fason pou envite dyaspora yo patisipe nan efò rasanbleman an tou. Dènye pwopozisyon sa a, fòk nou konsevwa li tou tankou yon rasanbleman jeyografik, ètnik ak lengwistik nan tout *Zile Karayib* (N°5) la. Nan kòpis (*corpus*) sa a, genyen 8 okirans (*occurrence*) de pwonon pèsonèl NOU pou yon tèks de 11 vè distribiye nan 2 estwòf ki ba li plis fòs ankò.

Soti Ayiti pou rive nan Karayib la, **rasanbleman** an gen pou li kanpe sou tout latè a de sòt ke lamitye ak lanmou fleri toupatou. *Van lespwa* (N°4) sa a konpoze de yon grenn douzen, sètadi yon sèl estwòf konpoze de douz (12) vè, men nou kapab konsidere powèm lan se alafwa tankou :

yon **metafò file** : premye vè a gen pou sijè « ti van », e se aksyon li ke lòt 11 vè yo ap dewoule ;

yon **pèsonifikasyon** paske « ti van » entreprann aksyon ke sèl yon èt imen kap fè ;

yon **akimilasyon**, « ti van » an reji 7 aksyon, sètadi 7 vèb.

Ansanb pwosede estilistik sa yo, nou kap rezime yo andizan ke *Van lespwa* sa a se anmèmtan :

yon **alegori**, paske li fè nou wè konkrètman sa « ti van » kap fè pou li pote « lanmou zanmitay / nan tout zantray latè » !

Powèm *Latè* a (N°16) bèl tou, li gen lòt patikilarite. An plis di fèt ke tematik la e mesaj prensipal la se yon ensitasyon sou fòm de plent pou nou fè ansòt ke latè chanje, pwosede estilistik ki nan tèks la ba tèks la plis fòs ankò. Se konsa nou kap wè :

nan premye estwòf la **aliterasyon** an [B] ak an [T] ;

nan kòmansman dezyèm estwòf la yon **anadiploz** ki ranfòse emosyon otè a (« Men nan kè-m !!! / Nan kè-m mezanmi ») avèk **asonans** an [È] yo.

nan twazyèm estwòf la, anpil **aliterasyon** an [L] yo, ensike :

nan katriyèm estwòf la **aliterasyon** an [T] e ankò an [L] yo.

Pou sinyale patikilarite *Latè* a (N°16) ou kapab ajoute tout fwa ke **mo eponim** powèm la parèt nan tèks la :

senk (5) fwa sou vokab « latè » a menm ;

plis senk (5) fwa ankò sou yon fòm pwononinalize [ba-I (15è vè) / pou-I (19è vè) / ba-I (22è vè) / pou I (26è vè) / li (29è vè)].

Tout eleman sa yo bay powèm sila a yon richès estilistik san parèy !

Sepandan, se avèk powèm nimewo 2 a ki gen pou non *Lapawòl* ke nou ape fini etid kritik sa a. Kòpis (*corpus*) la fizyone fòs politik (vè 8 « langay loksijèn ») ak fòs mistik (vè 2 « Vèvè Ogoun Feray »). Si premye a kap ekspri li, se gras a dezyèm lan, se dezyèm lan ki bay etidyan Titanyen an, yon lokalite defavorize nan nò Pòtoprens, kouraj pou li pale. Men fòs reyaksyonè ke pawòl sa a ta pral akize a fèmen bouch etidyan an anvan. Men si gouvènan yo asasine li, ideyal ke li reprezante a nouri espwa tout yon jenès estidiantin, li konkretize **revèy politik** ke Hyppolite swete pou Ayiti. Lapawòl se lavi li ye, se li ki pote espwa. Powèm sila a, se sentèz de Mesaj ke otè a vle voye bay lektè li yo, atravè lektè yo, bay Ayiti. Pwezi nan *ZILE NOU*, se pa yon pwezi san karaktè, ke Michel-Ange Hyppolite ekri pou « fè bèbèl ». Malgre tèks yo gen yon aparans inegal, longè yo varye, yo pa toujou fasil pou konprann, yo gen yon kote misterye, e kòm mwen montre pi devan, menm si otè a ekspri lanmou li genyen pou fanm ke li renmen yo, se pa pou sa ke mwen kap konsidere *ZILE NOU* tankou yon « pwezi danmou, santimantal », entimis (*intimiste*) ki ap konfyè nou sekrè vi pa li sèlman, ki ap evoke doulè li, ki ap montre nou 2 rann dlo nan je li ! Mwen montre tou ke ti liv sa a, se yon liv angaje ki montre yon emosyon vrè, vrè pèsonalite Michel-Ange Hyppolite.

Mwen di ke pou mwen, rekèy sa a se yon rekèy angaje. Fòk nou pa bliye ke nan yon angajman, otè a kap riske vi li tou, paske sa li di yo leplisouvan deplè otorite peyi a. Daprè copyright liv la, li parèt an 2001, nan Florida (Etazini) ki jou, ki mwa ? An Ayiti, 2001 se ane ke René Préval fini premye manda li (07/02/1996 rive 07/02/2001), e Jean-Bertrand Aristide komanse dezyèm manda li (07/02/2001 rive 29/02/2004). Konbyen de tan anvan 2001 Hyppolite te kòmanse ekri *ZILE NOU* ? Nan ki kote ? Nan ki sikonstans ? Ki te pozizyon politik li ak gouvèneman Préval la, e ak gouvèneman Titid/TiPè a ? Pou mwen menm, lefèt ke ewo (héros) nan *Lapawòl* (N°2) soti nan yon Titanyen, ke li se yon etidyan, e ke Ogoun Feray monte ti-nèg la pou ba li kouraj, se twa (3) mizanvalè de 3 senbòl :

1. Nan Titanyen, nan pi ba pèp la, malgre ke peyi a pa fè anyen pou retire pèp la lan mizè ;
2. Nan pèp la, gen moun de valè ki kap rive fè etid inivèsité malgre tout antrav
3. Etidyan kwè nan Ogoun Feray, nan vodou nou an, malgre tout kanpay ke relijyon monoteyis yo ap fè.

ZILE NOU pa pè kritike sosyete a, opoze li ak yon vizyon etabli an Ayiti, sepandan, « *sans avoir l'air d'y toucher* ». Pou mwen, ti liv sa a, se yon liv pozitivman sibvèsif.

Pierre Anglade
Docteur ès lettres
Besançon, France
01/02/2022 à 19/02/2022